

# Vajinoz Bakteryèn

Vajen an gen anpil kalite bakteri. Vajinoz bakteryèn rive lè balans nòmal bakteri nan vajen an deranje. Vajinoz bakteryèn pa yon enfeksyon moun pran nan fè bagay (sexually transmitted infection, STI), men lè w gen yon nouvo oswa plizyè patnè seksyèl sa ka chanje balans bakteri yo nan vajen an.

5.20



# Vajinoz Bakteryèn

Haitian Creole



## Sentòm yo

Anpil moun ki gen vajinoz bakteryèn pa gen okenn sentòm. Si sentòm vin devlope, yo ka gen ladan yo:

- Ekoulman gri
- Move odè nan vajen an (sitou apre ou fè bagay)
- Demanjezon oswa anfleman nan oswa alantou vajen an
- Sansasyon brile lè w pipi

## Prevansyon

Evite douch vajinal — sa a ka lakoz enfeksyon tankou vajinoz bakteryèn. Gen nouvo oswa plizyè patnè seksyèl ogmante risk pou vajinoz bakteryèn.

## Tès

Pwofesyonèl swen sante yo ka teste pou vajinoz bakteryèn ak yon echantyon likid vajen an.

## Tretman

Yo trete vajinoz bakteryèn ak gress oswa jèl vajinal.

## Poukisa Pou w Jwenn Tretman

Si li pa trete, vajinoz bakteryèn ka ogmante risk pou trape yon STI tankou klamidya, gonore oswa VIH.

## Patnè Seksyèl yo

Paske vajinoz bakteryèn pa yon STI, ou pa pral pwopaje enfeksyon an bay patnè seksyèl ou (yo). Sepandan, si yo santi nenpòt sentòm vajinoz bakteryèn yo ta dwe wè yon pwofesyonèl swen sante.

## Vajinoz Bakteryèn ak Gwosè

Moun ki ansent ki gen sentòm vajinoz bakteryèn yo ta dwe teste osito ke sentòm yo parèt.

Vajinoz bakteryèn ka lakòz nesans premature ak enfeksyon nan matris apre akouchman an.

Klinik Sante Seksyèl Vil New York yo bay sèvis konfidansyèl, ki pa koute chè oswa gratis ki gen ladan tès STI ak VIH.

Pou jwenn yon klinik,  
vizite  
**nyc.gov/health/clinics.**